

Jwenn asistans pou peye bil Medicare ou yo



This is an Official U.S. Government Product

ANN KÒMANSE

Pwogram ki gendwa pèmèt ou ekonomize lajan

PWOGRAM LETA GENDWA EDE W EKONOMIZE LAJAN

ANN KÒMANSE

Ou gendwa kalifye pou jwenn asistans pou peye pou prim Medicare Pati A (Asirans lopital) e/oswa Medicare Pati B (Asirans medikal) yo. Eta yo gen pwogram ki kapab ede w peye bil Medicare w yo (tankou prim, dediktib, ak ko-asirans).

Gen kat (4) Pwogram Ekonomi Medicare :

- Benefisyè Medicare ki kalifye (QMB)
- Benefisyè Medicare ki gen ti-revni e ki espesifye (SLMB)
- Individi ki kalifye (QI)
- Endividi ki andikape e k ap travay ki kalifye (QDWI)

Si w kalifye pou QMB, SLMB, oswa QI, w ap kalifye otomatikman pou Asistans siplemantè pou peye bil kontra asirans pou medikaman sou preskripsyon Medicare.

TWA KESYON KI ENPÒTAN

Si w reponn « wi » pou twa kesyon sa yo, ou ta dwe aplike pou jwenn asistans pou peye bil Medicare ou yo :

1. Èske ou gen Medicare Part A, sètadi asirans lopital ?

Si w pa konnen, gade sou kat Medicare wouj, blan ak ble w an oswa rele Sekirite sosyal nan 1-800-772-1213. Itilizatè ki malantandan ta dwe rele nan 1-800-325-0778.

2. Èske revni w (pou 2011) atenn oswa pi ba pase limit revni ki liste anba la a ?

| Pwogram Ekonomi Medicare | Limit revni masyèl pou 1 moun* | Limit revni masyèl pou 2 moun ki marye* | Ede w peye |
|--------------------------|--------------------------------|---|---|
| QMB sèlman | \$ 928,00 | \$ 1 246,00 | Prim Pati A ak Pati B, ansanm ak lòt depans l ap pataje avèk ou (tankou dediktib, koasirans ak kopeman) |
| SLMB sèlman | \$ 1 109,00 | \$ 1 491,00 | Pati B prim |
| QI sèlman | \$ 1 246,00 | \$ 1 675,00 | Pati B prim |
| QDWI sèlman | \$ 3 715,00 | \$ 4 989,00 | Pati A prim |

3. Èske resous ou yo limite ? Limit resous la pou pwogram QMB, SLMB, ak QI yo se \$6,680 pou yon moun e \$10,020 pou 2 moun ki marye. Konsènan pwogram QDWI a, limit resous la se \$4,000 pou yon moun oswa \$6,000 pou 2 moun ki marye. Resous ki konte se lajan ki nan yon kont kouran oswa yon kont depay, aksyon ak obligasyon. Lè w konte resous ou genyen, pa mete kay ou, yon machin, kavo, jiska \$1,500 pou depans pou entèman ou si ou te mete lajan sa a apa, mèb oubyen lòt atik menaje oswa pèsònèl.

* Si w touche yon salè nan travay ou, ou gendwa kalifye pou avantaj sa yo menmsi revni w pi wo pase limit sa yo. Anpil Eta chifre revni w ak resous ou genyen yo diferaman, kifè ou gendwa elijib nan Eta w, menmsi ou panse ou depase limit sa yo. Limit yo yon tikal pi wo ann Alaska ak ann Awayi. Sèten Eta gen nivo resous ki pi wo oswa yo gendwa pa konte sèten resous. Tcheke opre administrasyon Eta w pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

RELE POU KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON

Li enpòtan pou w rele oswa pou w ranpli yon demann aplikasyon si w panse ou kapab kalifye pou fè ekonomi, menmsi revni w oswa resous ou yo plis pase montan ki endike nan tiliv sa a.

Sèl fason pou w konnen vreman si w kalifye, se pou w ranpli yon demann aplikasyon.

Rele Biwo Medicaid la pou kapab chèche konnen si w kalifye. Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou kapab jwenn nimewo telefòn yo. Itilizatè ki malantandan ta dwe rele 1-877-486-2048. Oswa al gade nan www.medicare.gov/contacts.

CENTERS FOR MEDICARE & MEDICAID SERVICES

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON ?

Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) e mande kijan ou kapab jwenn asistans pou peye prim Medicare ou yo. Itilizatè ki malantandan yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.



Produi CMS Nimewo 10126-HC (Haitian Creole)
Revize nan mwa mas 2012